Konnen **Dwa W!**

ANTANKE YON IMIGRAN

Tout moun Etazini gen dwa garanti anba Konstitisyon an, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon yo.

Si ajan imigrasyon federal oswa lòt ajan fòs lòd yo vin frape nan pòt ou:




Ou pa oblije ouvri pòt la sof si ajan yo gen yon manda jidisyè.



Ou gen dwa pou rete an silans. Ou pa bezwen pale ak ajan yo oswa reponn kesyon yo.




Mande "Do you have a warrant?" ("Èske ou gen yon manda?") Mande ajan yo pou yo glise l anba pòt la oswa pou yo montre l atravè yon fenèt.



Tcheke pou wè si se yon manda yon jij siyen ki otorize ajan yo swa fouye yon zòn espesifik oswa arete yon moun espesifik.



Si yo pa gen yon manda rechèch jidisyè, pa ouvri pòt la. Di yo pou yo kite enfòmasyon yo pou yon avoka ka kontakte yo.



Si yo gen yon manda arestasyon pou yon moun, **voye moun sa a deyò olye pou yo kite ajan yo antre.**

Si ajan **yo gen yon manda epi yo antre lakay ou:**

Ou gen dwa anrejistre aksyon yo.

Dokimante ki atik y ap chèche.

Ou ka di "I do not consent to this search." ("Mwen pa dakò ak rechèch sa a.")

Ou pa dwe konsidere okenn enfòmasyon nan dokiman sa a kòm konsèy jiridik. *Tanpri pale ak yon avoka imigrasyon oswa yon reprezantan akredite nan Komisyon apèl nan dosye imigrasyon (Board of Immigration Appeals, BIA) konsènan ka ou a.*

Kisa yon **manda (judicial warrant) jidisyè ye?**

Yon manda jidisyè se yon dokiman yon jij siyen ki otorize otorite yo **arete yon moun** oswa **fouye kay ou.**

YON MANDA RECHÈCH KI VALID DWE:

- ☑ ...Dekri an detay zòn yo dwe fouye a.
- ☑ ...Endike adrès egzat kay yo pral fouye a.
- ☑ **...Yon jij, yon jij depè oswa yon majistra dwe siyen l.**

YON DOKIMAN YON OTORITE IMIGRASYON SIYEN PA YON MANDA JIDISYÈ KI VALID.

American Friends Service Committee

Si yo kanpe w nan lari:

- ☑ **Rete poze epi pa kouri.**
- ☑ **Ou gen dwa pou rete an silans.** Ou pa oblije reponn kesyon sou sitwayènte w, kote w te fèt oswa kijan ou te antre nan peyi a.
- ☑ **Ou pa oblije bay konsantman pou yo fouye w, afè w oswa machin ou.** Si ICE mande w pèmisyon oswa kòmanse fouye, ou ka di, "I do not consent to this search." ("Mwen pa dakò ak fouy sa a.")
- ☑ **ICE ka arete w sèlman si yo gen koz pwobab.** Pou pi byen konprann, si yo genyen enfòmasyon sou ou ki montre li pwobab w ap vyole lwa imigrasyon oswa lwa federal. Yo gendwa kanpe w san yo pa gen koz pwobab. Mande: "Am I free to go?" ("Èske m lib pou m ale?") Si se wi, vire do w ale byen poze epi an silans.
- ☑ **Si ou dwe bay idantifikasyon, li pi bon pou w montre yon fòm idantifikasyon Etazini tankou yon kat etidyan, yon kat travay, yon kat idantite pou moun ki pa kondui oswa yon lisans kondui.** Pa bay manti oswa montre fo dokiman. Ou pa oblije montre dokiman ki gen rapò ak sitiyasyon w, sof si fòs lòd yo montre w yon manda valab pou dokiman sa yo.

Si ICE ale nan espas travay ou oswa nan kote ou al adore:

- ☑ **Rete poze.** Kouri sove ka bay ajan yo yon eskiz pou fè arestasyon.
- ☑ **Ou gen dwa pou rete an silans.** Ou pa oblije reponn okenn kesyon ni bay ofisye yo okenn enfòmasyon.
- ☑ **Ajan fòs lòd yo ka antre sèlman nan zòn piblik yon biznis oswa espas pou adorasyon,** SOF si yo gen yon manda jidisyè.
- ☑ **Ou pa oblije pèmèt lapolis oswa ajan federal antre nan okenn zòn ki dwe rete prive** (pa egzanp, zòn pou anplwaye sèlman, biwo, kuizin). Di: "I can't give you permission to enter. You must speak with a person in charge." ("Mwen pa ka ba ou pèmisyon pou antre. Ou dwe pale ak yon responsab.")
- ☑ **Mande pou wè yon manda:** Di: "This is a private area. You cannot enter without a judicial warrant signed by a judge. Do you have a judicial warrant?" ("Sa a se yon zòn prive. Ou pa ka antre san yon manda jidisyè yon jij siyen. Èske ou gen yon manda jidisyè?")
- ☑ Si ofisye yo gen yon manda rechèch valab, **dokimante si yo fouye sèlman zòn yo dekri nan manda a.**
- ☑ **Si ajan yo prezante yon manda ki nonmen yon moun espesifik, ou pa oblije di si moun sa a prezan, epi ou pa oblije mennen ofisyèl yo jwenn moun sa a.** Chak moun gen dwa rete an silans epi pa reponn kesyon.

Ou pa dwe konsidere okenn enfòmasyon nan dokiman sa a kòm konsèy jiridik. *Tanpri pale ak yon avoka imigrasyon oswa yon reprezantan akredite nan Komisyon apèl nan dosye imigrasyon (Board of Immigration Appeals, BIA) konsènan ka ou a.*

SI YO ARETE W

Kreye yon plan ijans davans sou sa pou w fè si yo mete w nan detansyon.

PLAN IJANS

- ☑ Kontak avoka,
- ☑ Nimewo telefòn kontak ijans (moun k ap bay swen, fanmi, lòt)
- ☑ Plan pou finans, swen ak plis ankò

Mande yon moun pou l fè avoka w ak fanmi w konnen. Li ka itil pou sonje nimewo telefòn sa yo.

Ou pa oblije reponn kesyon okenn ajan yo. Ou gen dwa pou rete an silans. Ou ka di: "I would like to remain silent. I would like to speak to an attorney." (Mwen ta renmen rete an silans. Mwen ta renmen pale ak yon avoka.")

Ou gen dwa pale ak yon avoka, men ou ka bezwen jwenn pwòp avoka w. Mande pou yo ba ou yon lis avoka ki disponib.

Pa siyen anyen san ou pa pale ak yon avoka anvan.

POU JWENN PLIS RESOUS, VIZITE, AFSC.ORG/KYR